



call for  
nominations!

# ELEKSYON YO NAN WOUT!

N ap chèche volontè ki devwe, pasyone, angaje  
ki vle angaje!

**21 oktòb 2021, a 6 è PM**

## Prezidan

Sèvi kòm lidè ak kontak kle pou asosyasyon an; prezide tout reyinyon PTA yo, sa gen ladan komite egzekitif la; li manm otomatikman nan tout komite yo sof kandidati; nonmen prezidan pou tout komite yo; akonpli devwa ki endike nan règleman entèn / ke manm PTA yo / komite egzekitif la afekte; kowòdone travay responsab ak komite yo pou atenn objektif asosyasyon an; li se youn nan (3) responsab obligatwa yo nan asosyasyon an epi se youn nan moun ki siyen sou kont finansye PTA an. Prezidan an reprezante PTA an nan reyinyon ki annapre la yo: Ekip Lidèchip Lekòl (School Leadership, SLT), Sekirite nan Lekòl, Administrasyon Lekòl PTA, ak Konsèy Prezidan Distri. Dire: 1 an 22 oktòb 2021 - 30 jen 2022

## Vis Prezidan

Aji kòm asistan Prezidan an; akonpli devwa Prezidan an si responsab la absan / nan enkapasite pou li ranplis fonksyon li; pran lòt responsabilite jan Prezidan an oswa Komite Egzekitif la atribye yo; kowòdone aktivite jeneral yo nan nenpòt Komite Espesyal ke Komite Egzekitif la kreye; youn nan moun ki gen dwa siyen sou kont finansye PTA yo. Kondisyon: 1 an 22 oktòb 2021 - 30 jen 2022

## Sekretè dosye

Youn nan (3) responsab obligatwa asosyasyon an; sèvi kòm gadyen achiv asosyasyon an – kenbe règleman entèn yo, dosye komunikasyon, papye, ak dokiman yo (elektwonik ak enprime); pran, prepare, epi pibliye nan bon moman pwosè vèbal tout reyinyon Manm Jeneral ak Komite Egzekitif la; prepare pwogram pou reyinyon Manm Jeneral yo avèk asistans Prezidan an; prepare tout materyèl pou distribisyon / referans nan reyinyon Manm Jeneral yo; kenbe kalandriye evènman yo (elektwonik ak enprime) pou PTA an; akonpli devwa yo ki endike nan règleman entèn yo / ke Prezidan an / Komite Egzekitif la afekte. Si pòs Sekretè Korespondans lan pa okipe, Sekretè Anrejistreman an ap okipe korespondans ak piblisite pou PTA an. Dire: 1 an 22 oktòb 2021 - 30 jen 2022

## Trezorye

Sèvi kòm gadyen lajan asosyasyon an – resevwa epi repati tout lajan nan òganizasyon an jan Prezidan an oswa Komite Egzekitif la otorize; kenbe dosye egzat sou resi ak depans yo; prepare ak prezante rapò finansye nan chak reyinyon ak nan lòt moman jan li endike nan règleman entèn yo oswa sou deamnn Komite Egzekitif la; dwe prezan nan tout evènman PTA yo kote yo kolekte lajan; prepare liv yo pou yon odit; akonpli devwa yo ki endike nan règleman entèn yo / ke Prezidan an / Komite Egzekitif la afekte. Youn nan (3) responsab obligatwa yo nan asosyasyon an ak youn nan moun yo ki siyen sou kont finansye PTA an. Dire: 1 an 22 oktòb 2021 - 30 jen 2022

## Sekretè-korespondans

Sekretè korespondans lan prepare korespondans yo pou asosyasyon an epi li jere piblisite pou evènman ak aktivite PTA an, ki gen ladan anons reyinyon yo, bilten ak tablo afichaj; ko-jere patisipasyon kòm manm pou asosyasyon an – kenbe dosye egzat, prepare Anyè PTA an, ko-responsab pou kanpay motivasyon pou vin manm; ede Sekretè Anrejistreman an pou antreten dosye, komunikasyon, papye ak dokiman asosyasyon an; epi li akonpli devwa yo ki endike nan règleman entèn yo / ke Prezidan an / Komite Egzekitif la afekte. Dire: 1 an 22 oktòb 2021 - 30 jen 2022

**Tout paran/responsab legal yon elèv ki enskri aktyèlman nan IS 238Q kalifye pou okipe pòs la, amwenke li se yon anplwaye nan lekòl la.**

Tanpri itilize fòm nominasyon (OVER) a pou eksprime enterè ou / pou soumèt yon non pou youn nan pozisyon ouvè ki anwo yo. Yo ta dwe soumèt fòm yo anvan **lendi 18 oktòb**. Kandida yo pa bezwen prezan nan eleksyon an pou yo poze kandida. Men, ou dwe prezan pou vote. Li preferab pou patisipe nan Rankont Eleksyon Oktòb la. Ou bezwen plis enfòmasyon oswa ou gen kesyon? Kontakte Prezidan Nominasyon an, Mariela Rivera, pa imel [lovingmyboys38@gmail.com](mailto:lovingmyboys38@gmail.com).

**IS 238Q PTA**  
**Fòm Nominasyon 2021-2022**

TANPRI EKRI AN LÈT DETACHE KLÈMAN epi retounen fòm ki ranpli a pa IMEL bay: [lovingmyboys38@gmail.com](mailto:lovingmyboys38@gmail.com)

### Kalite nominasyon

- Nonmen yon lòt                              Non ou \_\_\_\_\_  
 Nominasyon pèsonèl

### Enfòmasyon sou kandida a

Non \_\_\_\_\_

Telefòn selilè \_\_\_\_\_ Lòt telefòn \_\_\_\_\_  
Ansèkle youn: Lakay                              Travay

Imel \_\_\_\_\_

Adrès kay: \_\_\_\_\_

---

Non Elèv la \_\_\_\_\_ Klas/Pwofesè Elèv la \_\_\_\_\_

Relasyon ak Elèv la:        Paran        Responsab        Gran paran    Bòpè/Bèlmè        Lòt \_\_\_\_\_  
(Ansèkle youn)

### Pozisyon ou anvizaje

- |   |   |
|---|---|
| <input type="checkbox"/> Prezidan       | <input type="checkbox"/> Trezorye             |
| <input type="checkbox"/> Vis Prezidan   | <input type="checkbox"/> Sekretè Korespondans |
| <input type="checkbox"/> Sekretè Seyans |   |

**Tanpri bay yon kout biyografi** (yon paragraf) itilize plis papye si sa nesesè. Nan rankont eleksyon an, prepare pou fè yon kout diskou pou entwodui tèt ou, pataje poukisa ou vle eli, mete aksen sou PTA oswa sèvis ki menm jan yo, ak tout lòt kapasite ki espesyal ou pote pou PTA. Si li pa ka prezan, y ap li deklarasyon w lan pou manm lan.

---

---

---

---

---

---